

## KRS sou Sèvis Rezidansyèl yo

### K. Ki kalite diferan pwogram angajman rezidansyèl yo genyen?

**R.** Genyen kat nivo angajman tout enkòpore fòmasyon espesyal pou konpòtman pou ede pitit ou an:

- 1. Risk Ba:** Yon jèn timoun yon jij voye nan yon pwogram angajman rezidansyèl à risk ba pral rete nan pwogram la pou 4 a 6 mwa. Si yo adjike pitit ou an nan yon pwogram risk ba, yo te evalye li kòm “risk ba” pou sekirite piblik, men li dwe oblije pou genyen sipèvizyon ak siveyans pou 24 èdtan.
  - Avèk pèmisyon tribinal la pou pitit ou a, pwogram risk ba an pèmèt aksè nan kominote a sipèvize ak san sipèvizyon ki pral depann sou evalyasyon risk pitit ou an pou piblik la ak konpòtman pozitif pandan li nan pwogram nan.
- 2. Risk Modere:** Yon jèn timoun yon jij voye nan yon pwogram angajman rezidansyèl à risk modere pral rete nan pwogram la pou 6 a 9 mwa. Si yo adjike pitit ou an nan yon pwogram risk modere, yo te evalye li kòm risk modere pou sekirite piblik la. Yon manm pèsònèl ki reveye menm lè pitit ou an ap dòmi pral sipèvize li 24 sou 24. Etablisman yo gen pèsònèl-seki, anviwònman -seki oswa pyès ki seki sou miray yo, kloti oswa pwogram risk Modere ak pòt bloke, avèk pèmisyon tribinal la pou pitit ou an, pèmèt aksè nan kominote an ki sipèvize ak san sipèvizyon ki pral depann sou evalyasyon risk pitit ou an pou piblik la ak konpòtman pozitif pandan li nan pwogram lan.
- 3. Risk Wo:** Yon jèn timoun yon jij voye nan yon pwogram angajman rezidansyèl à risk wo pral rete nan pwogram la pou 9 a 12 mwa. Si yo adjike pitit ou an nan yon pwogram risk wo, yo te evalye li kòm risk wo pou sekirite piblik me li dwe oblije pou genyen sipèvizyon nan yon anviwonman rezidansyèl estriktire ki founi gad ak swen 24 sou 24. nan yon pwogram ki gen anpil risk te pa yon enkyetid pou sekirite piblik ki pi plasman nan yon pwogram nan yon nivo restriktif ki pi ba. Etablisman risk-Wo gen pyès seki avèk paramèt klotire avèk pòt ki klete.
  - Si yo plase pitit ou a nan yon gwo pwogram angajman rezidansyèl risk wo, aksè l yo nan kominote gen restriksyon pou aktivite ki nesèsè andeyò sit la tankou aparasyon nan tribinal ak evenman ki gen rapò ak sante.
  - Sepandan, avèk pèmisyon tribinal la, pitit ou a ka gen vizit nan kay san sipèvizyon kòm dat konplasyon pwogram prèske rive pou ede tranzisyon li pou soti nan anviwonman estriktire nan pwogram nan pou ale nan anviwonman rezidans li.
  - Yo kapab akòde vizit nan kay san sipèvizyon sèlman si pitit ou evalye kòm yon minimòm risk pou kominote a epitou li te demontre konpòtman pozitif pandan li nan pwogram nan.
- 4. Risk Maksimòm:** Yon jèn timoun yon jij voye nan yon pwogram angajman rezidansyèl à risk maksimòm pral rete nan pwogram la pou 18 a 36 mwa. Si yo adjike pitit ou an nan yon pwogram risk maksimòm, yo te evalye li kòm risk maksimòm pou sekirite piblik la epi li dwe oblije rete nan gad 2a sou 24 pou genyen sipèvizyon nan yon anviwonman rezidansyèl estriktire ki founi gad, swen ak sipèvizyon sere, sere nan yon anviwonman sekirite maksimòm. Plasman nan yon pwogram risk maksimòm te pa yon demonstrasyon pou yo pwoteje piblik la. Kidonk, Etablisman risk-maksimòm yo gen pyès seki avèk paramèt kloti sekirite avèk pòt ki klete.
  - Pwogram sa yo prezante aranjman selil pou yon sèl-moun dòmi eksepte si yo kapab loje jèn moun sa a ansanm pandan pre-egzeyat, tranzisyon faz li an.
  - Eksepte pou aktivite ki nesèsè andeyò sit la—tankou yon evenman prezans nan tribinal oswa ki asosye avè sante—jèn timoun ki nan pwogram risk maksimòm yo pa gen dwa pou aksè sou kominote an.

## **K. Kimoun mwen kapab kontakte pou mwen kapab konnen kilè pitit mwen an pral ne nan yon pwogram rezidansyèl?**

**R.** Apre nan Tribinal Jivenil la fin tande ka epi fè yon desizyon pou angajman (adjidikasyon), ou kapab kontakte JPO ak mande enfòmasyon sou plasman yo antisipe pou. Pafwa, yon jèn ka genyen anvan te gen yon pòs vid nan yon pwogram rezidansyèl ki ka byen adrese bezwen inik li yo.

## **K. Kijan yon pwogram rezidansyèl sipoze ede pitit mwen an?**

**R.** Yon ekip tretman multi-disiplinè —ki gen ladan yon travayè sosyal, terapis, swen sante ak pwofesyonèl swen sante mantal, ak edikatè— ki planifye ak sipèvize tretman pitit-ou nan pwogram rezidansyèl la.

- Pitit ou an se yon manm ekip tretman an, ansanm ak pèsònèl pwogram la ak lòt founisè ki angaje nan swen ak tretman li.
- Pwogram la pral notifiye w lè yo pwograme reyinyon ekip tretman yo epi nou ankouraje w pou patisipe. Ekip tretman an mete anpil valè pou patisipasyon w ak pwendvi ou.
- Baze sou evalyasyon bezwen priyorize pitit ou yo, ekip tretman an pral devlope yon plan pèfòmans endividyalize avèk bi ak objektif pou li konplete avan egzeyat li nan pwogram la.
- Konplisyon bi sa yo ogmante chans pitit ou an pou li reyisi ak diminye posiblite pou li komèt yon nouvo krim.

## **K. Pou Konbyen tan pitit mwen a pral rete nan yon pwogram rezidansyèl?**

**R.** Dire tan yon jèn timoun rete nan yon pwogram rezidansyèl pral depann sou kalite pwogram la oswa nivo risk ak pèfòmans li nan pwogram la. Konsepsyon ak delivrezon yon pwogram sèvis sou konbyen tan jèn timoun la pran pou konplete pwogram la avèk siksè.

- Egzeyat nan pwogram la baze sou konplisyon bi ak objektif piti ou an ki nan plan tretman endividyalize li an.
- Program la pral angaje w nan devlopman plan sa a nan lespas 30 jou admisyon li nan pwogram angajman rezidansyèl la.
- Program la pral kominike avèk ou sou pwogrè pitit ou an nan pwogram la, ansanm ak dat yo antisipe pou egzeyate li nan pwogram la. Omwens chak 90 jou, ou pral resevwa yon rezime pèfòmans ki dokimante pwogrè pitit ou an nan chak seksyon nan plan an.
- Yo pa kapab libere yon jèn timoun nan pwogram rezidansyèl la san apwobasyon tribinal ki te mete li la a.
- Yo pa kapab kenbe yon jèn timoun nan yon pwogram rezidansyèl pi lontan yo ta kenbe li nan prizon pou yon ofans si li te yon adilt.

### **K. Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon sou yon pwogram rezidansyèl espesifik?**

**R.** Ou kapab jwenn deskripsyon sou chak pwogram, sèvis li bay yo, yon kat jeyografik ak direksyon, e enfòmasyon sou ki moun pou kontakte nan sitwèb DJJ an nan <http://www.djj.state.fl.us/facilities/residential-facilities>.

### **K. Kisa pitit mwen an ka pote avèk li nan yon pwogram rezidansyèl?**

**R.** Malgre yon pwogram rezidansyèl founi prèske tou bagay jèn timoun nan bezwen, chak pwogram yon tijan diferan. Gen ladan yo ki kapab pèmèt pou pitit ou an genyen plis atik pèsònèl pase lòt yo. Tipikman, pwogram gen ladan enfòmasyon nan yon korespondans yo voye ba ou pa lontan apre admisyon pitit ou an nan pwogram la. Men, ou kapab kontakte pwogram la pou made kesyon sou atik pèsònèl yo pèmèt pitit ou pou genyen nan pwogram la.

### **K. Kòman mwen pral konnen si pitit men an te rive senesòf nan pwogram rezidansyèl la?**

**R.** Nan lesplas 24 èdtan admisyon li nan pwogram la, yo pral kontakte pa telefòn pou fè w konnen pitit ou an te rive. Tanpri kenbe nan tèt ou se sistèm transpò ki transpòte jèn timoun yo nan pwogram DJJ yo, lè yo itilize mwayen transpòtasyon pou tout jèn timoun ki bezwen li toupatou nan eta an. Kidonk, li ka pran yon jou oswa de (2) pou pitit ou an rive nan pwogram rezidansyèl la.

### **K. Èske mwen kapab vizite pitit mwen an pandan li nan pwogram rezidansyèl la?**

**R.** Wi. Chak pwogram rezidansyèl gen jou ak lè vizitasyon yo pwograme. Pwogram la pral notifiye w sou vizitasyon pwograme li yo. Si w pa kapab vizite nan jou ak lè vizitasyon yo pwograme, kontakte travayè sosyal pitit ou an ki nan pwogram la pou fè lòt aranjman.

### **K. Èske gen yon moun nan pwogram la mwen kapab pale konsènan pitit mwen an?**

**R.** Wi. Pwogram rezidansyèl la dwe ba ou non, nimewo telefòn ak adrès imèl mou pou kontakte konsènan pitit ou an lè w bezwen enfòmasyon oswa lè w genyen kesyon oswa enkyetid.

### **K. Èske mwen kapab angaje pitit mwen an pandan li nan pwogram rezidansyèl la?**

**R.** Pandan li nan pwogram rezidansyèl la, nou ankouraje ak bay anpil valè sou patisipasyon w avèk pitit ou an. Pa lontan apre yon admèt pitit ou an nan pwogram rezidansyèl la, ou pral resevwa korespondans konsènan pwosesis pou kapab rele nan telefòn, ekri oswa vizite pitit ou an.

- Anplis, dwa debaz pitit ou an enkli omwens yon kout fil chak semèn pou 10 minit.
- Li gen dwa tou pou ekri omwens de (2) lè pa semèn, sou kont depans pwogram la, kèlkeswa nan ki nivo restriksyon pitit ou an ye.
- Ou kapab aprann sou tretman ak pwogrè lè w byen revize bi (plan pèfòmans) ak rapò pwogrè yo (Rezime pèfòmans) pwogram la te voye ba ou.
- Pwogram pral notifiye w sou reyinyon ekip tretman ki pwograme yo epi nou ankouraje w pou bay pwendvi ou, swa an pèsòn oswa pa telefòn.

**K. Èske pitit mwen pral ale lekòl pandan li nan pwogram rezidansyèl la? Èske li pral akimile kredi? Ki moun ki kenbe kont sou dosye lekòl li?**

**R.** Wi Tout pwogram rezidansyèl yo founi sèvis rezidansyèl. Pitit ou an kapab akimile kredi baze sou pèfòmans li nan saldeklas sou sit ki founi yon korikoulòm ki bay kredi. Yo ral enkli dosye lekòl pitit ou an te konn ale an nan planifikasyon bi ak objektif pou tretman pandan li nan pwogram rezidansyèl la. Pandan pitit ou an patisipe nan klas sou sit la, se pwogram rezidansyèl la ki pral kenbe dosye li an. Yo pral voye Transkrip edikasyonèl pitit ou nan distri li konn ale lekòl la lè yo egzeyate pitit ou an nan pwogram la.

- Si pitit ou an deja yon diplòm lekòl segondè oswa GED®, pwogram rezidansyèl la pral angaje pitit ou nan lòt aktivite restriktif, ikonpri kou kolèj sou liy ak edikasyon vokasyonèl si pitit ou an enterese nan opòtinite sa yo epi yo ranpli egzijans yo.

**K. Ki kalite aktivite pwogram lan pral ofri pitit mwen an?**

**R.** An jeneral, pwogram rezidansyèl la founi lekòl, gwoup sesyon ak lòt aktivite pou ede pitit ou an devlope ladrès sosyal al lavi, aptitud akademik, ladrès pou yo kapab anboche li ak ladrès pre-vokasyonèl oswa vokasyonèl. Yo founi sèvis tretman lè li nesèsè, ikonpri sante mantal ak tretman pou abi estipefyan, sèvis medikal, edikasyon espesyal, ak aktivite fizik.

